НАСТОЯЩАЯ РАССРОЧКА
3 НА ГОДА



Пальто (п/пальто) меховое женское
Норка, рк - 46
Цена: 77 000р.
61 600р.

НОРКОВАЯ ШУБА
2000 руб. мес.

10-11 января
г.Ардон
ТК "Омега"
(пищекомбинат).
Ул. Пролетарская, 44.

Норка
Мутон
Бобр
Каракуль
Головные уборы

ГАРАНТИЯ 2 ГОДА
МОРОЗКО всероссийская меховая ярмарка
лучших товаров России
www.шубы-белка.рф
8-800-333-40-81
Белка бесплатный звонок по России
Рассрочку предоставляет ИП Плотников Д.И. сроком 1–24 месяца без первоначального взноса

# Абойты Валеричы мысгæйæ



**Райсом бон цы уыдзæн, уый ничи зоны, зæгъгæ, цал æмæ цал хатты фехъусы адæймаг. Ацы ныхæсты карз растдзинад бамбары æрмæстдæр, йæ зæрдæ куы сæнкъуысы æнæнхъæлæджы цауæй, уæд. Чи зыдта æмæ бæркадкъух фæззæджы, Ног азы къæсæрыл, адæм уæлдай цинтимæ куы фæкувынц, æнæниздзинад куы фæкурынц Хуыцауæй, уæд нæ уарзон æфсымæр, нæ зæрдæйы рæбинаг Абойты Валериккæн та арвыл йе стъалы кæй ахуысдзæн.**

...Залты мит ныккалд кадджын хистæр Абойты Витяйы хæдзарыл. Царды цинæй чи нæ бафсæст, æрхъæцмæ дæр кæуыл нæ хъæцыдыстæм, сæ уыцы уарзон хъæбул, нæ хуыздæр хæлар Валериккæн æвиппайды аскъуыд йæ цард. Æгъатыр адзалы сау хъаруйæ ныккæрзыд бæстæ — йæ домбай зæрдæ дыууæ бонмæ банцад йæ куыстæй..

Æртæ мæйы размæ йæ дард фæндагыл ацыд нæ уарзон Валерик. Абон, 10 январы, йыл хъуамæ сæххæст уыдаид 42 азы. Мах йæ райгуырæн бон хъуамæ йæ фарсмæ арфæтимæ æрæмбырд уыдаиккам, фæлæ æгæр тызмæг разынд йæ хъысмæт, нæ цард та дыууæ дихы фæцис йæ фæстæ.

Ис, æрмæстдæр райгуырæн бон кæмæн ис, фæлæ сын "мæлæн" бон та нæ вæййы, ахæм адæймæгтæ, уымæн æмæ сæ кады ном уæлæуыл баззайы цæргæйæ. Æцæг ирон лæджы фарн йæ туджы уыд Валериккæн. Рæсугъд уды хицау, йæ ауонæй дæр æфсæрмы чи кодта, ахæм уыд нæ хуыздæр хæлар, нæ ныфсы мæсыг, нæ фидар æнцой! Валерик канд Абойты мыггаджы лæг нæ уыд, фæлæ æппæт дзыллæйы æнувыд хъæбул. Нымæц дæр нæ уыди йæ бирæ зонгæтæн æмæ хæлæрттæн, райдай Ирыстоны хохы кæмттæй æмæ фæуы Стыр Уæрæсейы бирæ къуымты.

Уæлдæр ахуырад куы райста, уæд райдыдта кусын барадхъахъхъæнæн оргæнты. Цыбыр рæстæгмæ йæ æнæзæрдæхудт, арæхстджын æмæ бæрнон архайдæй æрыгон лæппу йе 'мкусджыты 'хсæн бæрæг дардта. Хъаруджын æмæ ныфсхаст, никуы тарст зындзинæдтæй, æппæты разæй тырныдта зындæр æмæ тæссагдæр хъуыддæгтæм. Кировы районы полицæйы хайады йемæ чи куыста, уыдонæй никуы ферох уыдзæн иу хабар. Къорд мæйы хуымæтæг адæм æмризæджы цы фыдгæнæгæй рызтысты, уый Кæрдзыныхъæуы иу хæдзары бамбæхст. Йæ ныхмæ Абойты Валерик иунæгæй æрлæууыд, æмæ йе 'мкусджытæ цалынмæ æххуысы цыдысты, уæдмæ йæ æрцахста. Арфæйаг æмæ хæрзиуæгджын уыд Санкт-Петербурджы дæр йæ фæллойадон фæндаг.

Фæлæ канд куысты мидæг нæ уыдтæ, Валерик, хуыздæрты æхсæн. Ды никуы ацыдтæ æххуысхъуаг адæймаджы иувæрсты. Цымæ цавæр бæрцбарæнтæй абарæн ис, Валерик, дæ хорздзинæдтæн? Бирæ æгъдау фæлæвæрдтай де 'мзæххонтæн, хионтæн, æрдхæрдтæн, сыхбæстæн. Тæхуды, Валерик, дæу ма иу ракасты бон куы фæуыдаид æмæ куы федтаис, куыд дыл дæлгæмттæ кодтой дæ бинонты къорд, дæ бирæ хæлæрттæ!

Æрдзæн дæр, æвæццæгæн, уæлæуыл адджын вæййынц ахæм сыгъдæг, æнæтæригъæд удтæ. Гъе уымæн æрбахаста иннæ бонтæй уæлдай ставд цæссыгты хуызæн къæвда, цалынмæ тыхстæй рынчындоны уыди, уæдмæ. Уый хыгъд йæ ныгæнæн бон та хъарм хур нæ бавгъау кодта йæ тынтæ Валеричы рыст уæнгтæ батавын. Цыма бæстæ федзæм, рæстæг йæ цæуынæй ныллæууыд, фыдбылызы хабар дæм куы рбахъуызыд, Валерик, уæд. Дæхæдæг тыхст, афтæмæй æгас фæндаг рынчындонмæ де 'мбалыл мæт кодтай, бахудтæ-иу, ма мын тæрсут, зæгъгæ. Куыд æххæсыди дæ фæлмæн, хъарм зæрдæ æппæты батавын! Фæлæ æгæр æгъатыр разынд мæлæт. Нæ йæм хъары æгæрон æмæ дудгæ рыст, æндæр дын Фатимæ лæгъстæ куы кодта — "Адзæбæх у, мæ хъæбул. Ды мæ царды рухс куы дæ", — зæгъгæ, фæдисы фæндагыл куы фæцыд, уæд.

Йæ хъæбул тарф фынæй дæр макæмæн бауæд, — баззад фыдæлты хъуыды. Уæд Фатимæ та цы кæна, йæ хур ыл куы анығъуылд, куыд ма цæра ныййарæг. Æвæццæгæн дзы уымæн фæкурыс фыны, ныххатыр мын кæн, мамæ, цы стыр уаргъ дыл сæвæрдон, уый тыххæй. Адæймаг фæразон у зынæн. Фæлæ уды зиан зын бауромæн у, уæлдайдæр та ныййарджытæн, мады зæнæгæн. Нырмæ царды цы хæстæ æххæст кодтай, уыдон ныр æрæнцадысты Славик æмæ Казикыл. Зæрдæдзæфæй ныууагътай дæ бинонты къорд, стырæй-чысылæй, нæ бафсæст нæ цæст дæ уындæй.

Бинонты, æмбæлтты фидауц, нæ уарзон Валерик, куы зонис, куыд зын у дæ райгуырæн бон дæуæн "Рухсаг у" зæгъын. Дæу мысгæйæ, дымгæйы раулæфты дæ хъæлæс фехъусынмæ куы бæллæм. Цæудзысты бонтæ, азтæ, æмæ дæ рухс фæлгонц, нæ зынаргъ æфсымæр, цæрдзæнис æнусмæ нæ зæрдæты. Ныххатыр нын кæн, мах дæ фæстæ ацы дунейы хуры бын кæй стæм.. Дæ зæххы хай дын бæмбæгау фæлмæн уæд, нæ уарзон, нæ зæрдиаг Валерик.



**Де 'мбæлттæ.**

"ГРАНТ"
КРЕДИТ. РАССРОЧКА
ИЗГОТОВЛЕНИЕ И ОБСЛУЖИВАНИЕ ОКОННЫХ СИСТЕМ
из профиля: "Wintech"
НА КАЖДОЕ 3-Е ОКНО М/С — БЕСПЛАТНО.
Тел. 8-928-856-34-02, 8-918-838-21-51.



Отделочные работы:
шпаклевка — 100 р/м$^2$, обои — 100 р./м$^2$, карнизы — 100 р./м, гипсокартон — 180 р./м$^2$, ламинат — 180/ м$^2$, побелка — 50 р./м$^2$, жидкие обои — 200 р./м$^2$, короед — 250 р./м$^2$, гипсовая и песковая штукатурка — 200 р./м$^2$, кафель — 500 р./м$^2$, панели — 200 р./м$^2$, евровагонка — 300 р./м$^2$.
Тел. 8-989-747-92-21, 8-963-178-66-06, Руслан.

Продается а/м "ГАЗ-2199"
2003 г. выпуска.
Тел. 8-928-073-24-55.

Осетинская траурная музыка – 5000 руб.
Тел. 8-928-480-73-57.

БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ (Возможно уколом).
Купание, одевание, доставка гробов, оркестр, катафалк.
Качественно. Недорого. Круглосуточно. Тел. 8-928-481-21-80.

БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО
Все виды обработки, возможно уколом. Купание, одевание.
Бесплатная доставка гроба, накидки, одежда по цене магазина.
Кирпич, плиты, копка могил, оркестр, катафалк.
Тел. 8-928-859-44-86.

БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО
Туалетная обработка тел. Выезд бригады специалистов на дом. Качественно и недорого.
Похоронные принадлежности с доставкой на дом, перевозка умерших.
Тел. 8-988-834-92-41, 8-928-068-66-91 Гена.

ООО "АРТЕЛЬ"
Новое поступление обрезной доски
*в ассортименте.*
Ул. Воронович, 34.
Тел. 3-19-93, 8-938-882-45-45, 8-928-858-54-86



Выражаем огромную благодарность соседям, родным и всем, кто разделил с нами боль утраты нашей дорогой **Светланы Керменовны Тогузовой-Абеевой.**

Сообщаем, что 40-дневные поминки состоятся **завтра, 11 января,** по адресу: ул. Титова, 21.

**Семья Тогузовых.**

Коллектив СКАТК выражает глубокое соболезнование Сослану Кокаеву по поводу кончины матери

**КОКАЕВОЙ—ДЖИГКАЕВОЙ**
**Раички Габриеловны.**

Зиан рухсаг уæд

Коллектив РДК выражает глубокое соболезнование З.А.Кардановой по поводу безвременной кончины

**КАРДАНОВА**
**Амурхана Махарбековича.**

Коллектив АТП выражает глубокое соболезнование Тамази Кокаеву по поводу кончины матери

**КОКАЕВОЙ—ДЖИГКАЕВОЙ**
**Раички Габриеловны.**

Выпускники 1999 г. СОШ №2 выражают глубокое соболезнование Олесе Кехоевой по поводу кончины отца

**КЕХОЕВА**
**Юрия Маркозовича.**

Коллектив Ардонской центральной больницы выражает глубокое соболезнование водителю отделения скорой помощи Э.А.Тедееву по поводу кончины

**КОНИЕВОЙ—ТЕДЕЕВОЙ**
**Ождинцы Саламгериевны.**

**Рухс (Свет)**
**Учредитель:** Администрация местного самоуправления Ардонского района РСО-А.
363332, г. Ардон, ул. Советов, 6.

И.о. редактора
А.Г.БЯЗЫРОВА

Газета зарегистрирована 18 июня 2012 года Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО—Алания. **Регистрационный номер ПИ № ТУ 15—00073.**

**Наши телефоны:**
Гл. редактор: 3-02-60.
Зам. гл. редактора: 3-02-63.
Бухгалтерия и рекламный отдел: 3-02-61

подписано в печать по графику — 16.30, фактически — 16.30.

* Редакция не вступает в переписку с авторами.
* Рукописи не рецензируются и не возвращаются.
За содержание материалов и рекламы ответственность несут авторы. Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов публикаций.
* Газета выходит 2 раза в неделю (вторник, пятница) на осетинском и русском языках.
* В розницу — цена свободная.
Материалы со знаком ₽ печатаются на платной основе.
+12
Компьютерная верстка редакции.

**АДРЕС редакции (издателя):**
**г. Ардон, ул. Советов, 13.**
**ardonruhsh@mail.ru**
**Индекс 53910**

Печать офсетная.
Тираж 3580 экз. Зак. № 1
Объем — 1 п. л.

**Отпечатано**
**в АО "Осетия-Полиграфсервис"**
**г. Владикавказ, пр. Коста, 11.**